



Pou Piblikasyon Imedya: 10/10/2018

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 40 MILYON DOLA POU SIPÒTE PWOJÈ ESTOKAJ A ENÈJI SOLÈ YO

Li Fè Vanse Pwogrè Objektif Anbisye New York Genyen an Pou Gen 1,500 Megawat Estokaj Enèji apati 2025

Li Sipòte Manda Gouvènè Cuomo Genyen pou 50 Pousan Elektrisite Eta a Soti nan Resous Enèji Renouvlab yo apati 2030

Pwojè yo Pral Redwi Emisyon Kabonik yo epi Konbat Chanjman Klimatik yo

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo pral mete disponib 40 milyon dola pou sipòte pwojè solè yo ki ap entegre estokaj enèji, sa ki ap akselere pwogrè ki ap fèt pou rive atenn objektif estokaj enèji 1,500 megawat New York lan apati 2025. Pwojè sa yo pral ajoute sou manda Gouvènè Cuomo genyen pou ke 50 pousan nan elektrisite eta a soti nan sous enèji renouvlab yo apati 2030 pou konbat chanjman klimatik yo, epi konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi rezistan epi pi abòdab.

“Pandan ke nou ap kontinye ak pouswit agresif teknoloji pwòp, renouvlab nou yo, finansman pou pwojè tankou sa yo pral asire ke New York rete sou devan sèn batay global kont chanjman klimatik yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Asosiyasyon estratejik estokaj enèji ak teknoloji solè yo ap fè nou vanse pi pre pou rive konstwi yon ekonomi enèji pwòp ki ap pwoteje resous natirèl ki enpòtan anpil yo epi benefisye tout moun New York yo.”

“New York te pran mezi istorik pou ka akselere devlopman enèji solè renouvlab yo ki gen yon konpozan estokaj enèji pou ka reponn a demann mache a epi kreye yon sistèm enèji ki pi dirab”, **Gouvènè Adjwen an Kathy Hochul te deklare.** “Finansman sa a ap mete nou yon pa pi pre pou ka akonpli objektif enèji pwòp anbisye yo pandan ke li ap investi nan solisyon inovatif ki abòdab yo ki ap twouble sèvis piblik konvansyonèl yo, kreye travay, epi redwi emisyon gaz yo pou ka konbat chanjman klimatik yo.”

Anons jodi a te fèt nan konferans anyèl Alyans pou Enèji Pwòp lan nan New York (Alliance for Clean Energy - New York, ACE-NY) nan Albany. Finansman sa a reprezante yon angajman pèmanan ke eta a te pran pou asire kwasans rapid enèji endistri solè ki ap devlope a asosye ak teknoloji estokaj inovatif ki pral redwi emisyon gaz yo yon nivo konsiderab epi bay avantaj adisyonèl yo pou rezo elektrik lan. Pandan

ke New York ap ajoute plis enèji renouvlab sou rezo a, estokaj yo pral jwe yon wòl ki deplizanpli enpòtan nan amelyore efikasite ak fyabilite rezo a pou tout moun New York yo.

Pou ka ede akselere efò estokaj enèji New York yo, pwogram NY-Sun lan pral mete 40 milyon dola disponib nan kòmansman mwa Novanm nan pou devlopman pwojè solè-plis-estokaj yo. Finansman sa a pral akselere deplwaman omwen 50 megawat estokaj enèji ki asosye ak enèji solè yo, redwi baryè pou deplwaman yo pou teknoloji enèji pwòp sa a ki asosye ak acha kliyan yo, etablisman, ak entèkoneksyon.

Fon sa yo pral premye fon ankourajman pou estokaj yo ke yo te mete disponib depi lè yo te pibliye Fèy De Wout Estokaj Enèji Eta New York lan (New York State Energy Storage Roadmap) an Jen. Nan ofri yon nouvo rekonpans pou pwojè solè-plis-estokaj yo pou sektè komèsyal ak endistriyèl yo, ki gen ladan sa yo rele jaden solè kominote yo, konpozan estokaj lan pral asire ke yo chanje enèji renouvlab yo nan peryòd pi gwo itilizasyon kliyantèl yo, tankou orè nan aprèmidi yo nan jou estival yo. Pwojè solè-plis-estokaj yo ap ede redwi fakti enèji konsomatè yo epi amelyore valè enèji renouvlab sou rezo a. An plis, sistèm solè ak estokaj ki asosye yo ka bay konsomatè yo pri ki pa chè yo nan pran avantaj kredi fiskal federal ki ap ekspire yo, konbine pwosesis pèmi ak entèkoneksyon yo, epi itilize mwens espas apati ko-lokalizasyon nan menm espas yo.

Richard Kauffman, Prezidan Enèji ak Finans (Energy and Finance) pou Eta New York, te deklare, “Estokaj enèji yo pral fè vanse menm plis enèji solè ak lòt resous enèjetik ke yo distribiye yo atravè New York pliske li ap amelyore rezo elektrik New York lan, epi ogmante itilizasyon elektrik renouvlab pou alimante biznis komèsyal ak endistriyèl yo. Sou Gouvènè Cuomo, New York ap konstwi yon ekonomi enèji pwòp apati pwomosyon teknoloji inovatif yo sou Refòm Vizyon Enèji an (Reforming the Energy Vision, REV), epi kreye nouvel opòtinite biznis yo pandan ke yo ap redwi pri pou enèji renouvlab yo epi konbat chanjman klimatik yo”.

Pou ka asire ke kominote yo enfòm sou avantaj ko-lokalizasyon estokaj yo ak sistèm solè yo, epi prepare pou revize enplikasyon fiskal pou zòn ak lokal pwojè sa yo, NYSERDA pral ap fè sansibilizasyon nan kominote kote yo pwopoze pwojè yo epi yo pral ap bay resous teknik yo, ki gen ladan ajoute yon chapit estokaj enèji nan [liv manyèl solè a](#) pou kominote yo.

John B. Rhodes, ki se Direktè Egzekitif Jeneral, Depatman Sèvis Piblik Eta New York lan (New York State Department of Public Service), te deklare, “Pwojè solè-plis-estokaj yo se yon solisyon ke tan li rive, pliske yo ranfòse valè enèji solè yo pandan ke yo ap fè estokaj enèji yo vin pi pwòp. Investisman estratejik sa a ki soti nan Fon Enèji Pwòp (Clean Energy Fund) nan pral akselere devlopman ak deplwaman yon varyete sistèm estokaj enèji yo epi favorize inovasyon sou mache a nan fiti”.

Alicia Barton, Prezidan ak Direktris Egzekitif Jeneral NYSERDA, te deklare, “Depi apre lansman li, NY-Sun te pwopoze epi konplete plizyè milye pwojè atravè eta a, sa ki ap mete nou pi pre pou ka atenn objektif enèji renouvlab New York yo apati 2030. Nan asosye pwojè solè ak pwojè estokaj yo Eta a pral akselere vitès pwogrè nou ap fè pou rive atenn objektif enèji renouvlab ak estokaj enèji agresif Gouvènè Cuomo genyen yo pou vin nan pri ki mwen chè”.

Nan diskou Eta Leta 2018 li an, Gouvènè Cuomo te anonse yon objektif estokaj enèji 1,500 megawat apati 2025 pou mete New York sou yon wout pou atenn yon objektif 2030 ki pi gwo ke yo gen pou anonse nan fen 2018. An Jen, NYSERDA ak Depatman Sèvis Piblik lan, an konjonksyon ak pati ki konsène yo, te devlope Fèy De Wout Estokaj Enèji Eta New York lan pou ka idantifye politik ki pi pwometè yo, règleman yo, ak inisyativ ki nesèsè yo pou ka reyalize objektif estokaj enèji 2025 anbisye Gouvènè a genyen an. NY Green Bank gen disponib tou yon Demann pou Enfòmasyon (Request for Information, RFI) pou solisite enterè devlopè pwojè yo genyen sou jan ke li ka abòde diferans finansyè yo epi sipòte pwojè estokaj enèji yo. NY Green Bank ap chache pou investi omwen 200 milyon dola nan investisman ki gen rapò ak estokaj la yo, ki pral ede bese depans pou deplwaman estratejik estokaj enèji yo alechèl.

NY-Sun se investisman 1 milya dola Gouvènè Cuomo fè pou konstwi yon mache solè ki otonòm ak endistri solè nan Eta New York. Pwogram nan te deja konplete 85,327 pwojè solè ki gen yon kapasite total 1,203.2 MW ak yon pwodiksyon anyèl ke yo prevwa de 1,395GWh - ki se ekivalan alimantasyon 200,000 kay oswa retire prèske 160,000 machin soti sou wout lan. Ak plis pase 4,437 nan liy apwovizyonman an, NY-Sun ap sipòte kwasans imans nan sektè solè a epi li te pozisyone New York kòm twzyèm sou plan nasyonal pou enstalasyon solè rezidansyèl ak sa ki pa rezidansyèl yo jiskadat.

Refòme Vizyon Enèji a

Refòme Vizyon Enèji a se strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi ekzije 50 pousan nan kantite elekrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire plis pase 1,000 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, amelyore abòdabilite enèji ki ogmante pou 1.65 milyon kliyan ki gen revni fèb, epi kreye plizyè milye pòs travay nan manifakti, enjeniri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire New York redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan avan 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou redwi degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan avan 2050. Si ou vle jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè an te fè nan teknoloji enèji pwòp ak nan inovasyon an, tanpri vizite rev.ny.gov epi swiv nou [Twitter](#), [Facebook](#), ak [LinkedIn](#).

###

W'ap jwenn lòt nouvel ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)